Journal of Academic Research and Trends in Educational Sciences
Journal home page: http://ijournal.uz/index.php/jartes




# TYPES OF DICTATION IN PRIMARY CLASSES

Yulduz Matberdieva[1]

*Nukus Innovation Institute*

KEYWORDS

dictation, primary grades, writing skill, exercise, types of dictation, calligraphy requirements

ABSTRACT

Dictation is the most effective tool for learners which is improved their writing skills. In this article is devoted to the types and importance of dictation in the Karakalpak language in primary grades, develops the student's writing skills and gives information about writing techniques.

2181-2675/© 2023 in XALQARO TADQIQOT LLC.
DOI: 10.5281/zenodo.8174099
This is an open access article under the Attribution 4.0 International(CC BY 4.0) license (https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/deed.ru)

[1] Teacher, Nukus Innovation Institute, Nukus, Uzbekistan

iJOURNAL Journal of Academic Research and Trends in Educational Sciences (JARTES)
VOLUME 2, ISSUE 3 / ISSN 2181-2675

# БАСЛАЎЫШ КЛАССЛАРДА ДИКТАНТТЫҢ ТҮРЛЕРИ

KALIT SO'ZLAR/ КЛЮЧЕВЫЕ СЛОВА:

диктант, баслаўыш класс, жазыў көнликпе, шынығыў, диктант түрлери, каллиграфиялық талаплар

ANNOTATSIYA/ АННОТАЦИЯ

Диктант оқыўшылардың жазыў көнликпесин асыратуғын ең нәтийжели усыл болып есапланады.Бул мақалада баслаўыш классларда қарақалпақ тилинен диктант түрлери ҳәм оның әҳмийети ҳаққында айтылған оқыўшылардың жазыў көнликпелерин раўажландырады ҳәмде жазыў техникасы ҳаққында мағлыўмат берилген.

Оқыўшылардың жазба саўатлылығын арттырыўда диктант жумысының хызмети айрықша. Диктант класс жәмәәти тәрепинен орынланады. Бул дөретиўшилик жумысты алып барыўда оқыўшы сөзлерди ҳәрип, сес, иркилис белгилери, сөз, буўын, сөз дизбеги сыяқлы теориялық билимлерге ийе болыўы керек. Демек, имла саўатлылығына ийе болған ҳәр бир баслаўыш класс оқыўшысы диктант жазыў мүмкиншилигине ийе. Диктант жумыслары арқалы баслаўыш класс оқыўшыларының орфографиялық билимин қәлиплестирип, оған көнликтире аламыз. Баслаўыш классларда диктант жазыўға кириспестен алдын «көширип жазыў» әмелий жумысы үстинде шынығыўларды орынлаў керек. Бул үйренилетуғын теманы беккемлеў мақсетинде исленетуғын әмелий жумыслардың бир түри. Мысалы, 1-класста даўыслы ҳәм даўыссыз сеслердиң жазылыўын үйрениўинен бир мысалды келтирсек, «у ҳәм ү ҳәриплериниң жазылыўы» темасын өткенде (37-б) 2-шынығыўда төмендегише шәрти берилген: «көп ноқаттың орнына у ҳәм ү ҳәрибиниң биреўин қойып, сөзлерди көшириң». Шынығыўда төмендеги мысаллар берилген: ж...мыс, г...мис, ...зын, т...тин, т...лки, к...н, қ...дың, ж...лдыз, т...рды, ж...рди.

Бул сыяқлы ҳәриплер түсирилип қалдырылған ҳәм сол ҳәриплерди сөз қурамында тийисли орнына қойып жаздырыў – оқыўшыларды дурыс жазыўға үйретиўдиң дәслепки әпиўайы жумысларының бири. Баслаўыш классларда көширип жазыўда каллиграфиялық, орфографиялық талаплар тийкарында көширип жазыўды нәзерде тутыў керек. Көширип жазыўдан алдын шынығыўды бир қатар оқып шық, шәртин түсинип ал, ҳәр бир сөзди буўынға бөлип өзинше айтып көр. Оннан соң болса сөзлерди буўынға бөлип жаз. Бул әлбетте, көширип жазыўда әмелге асырылатуғын жумыслардың бир түри. Көширип жазыў диктантын 1-классларда алынып, тексттеги грамматикалық, лексикалық соз жасаў сыпатларына байланыслы болады. Диктант латынша «ядтан оқыў», «ядтан жазыў» деген мәнисти билдиреди. Бул да орфографиялық шынығыўдың бир түри болып, оқыўшылардың алған билимлериниң әмелиятта көриниўи, оқыўшыларды дурыс жазыўға үйретиў. Диктанттың қайсы түри болмасын, оқыўшылардың ана тилинен алған билимлерин беккемлейди. Оқыўшының ҳәр бир сөзге итибарлық пенен қарап дурыс, ҳәриплерди анық, сулыў қолтаңба менен жазыўға, қәтелерге жол коймаўға үйретеди. Соның

менен бирге, оқыўшылардың еситиў дыққаты, сезгирлигин, ой-өрисиниң, серлилигиниң раўажланыўына да өз тәсирин тийгизеди. Диктант ушын муғаллим оқыўшыларға текст таңлағанда дус келген теманы танламай, ал тәрбиялық әҳмийетке ийе болған, оқыўшының ой танымына тәсир ететуғын текст алыныўы, дурыс таңланыўы керек.

Диктант ушын таңлап алынған текст мазмуны оқыўшыларға өтилген ана тили сабақлығындағы темаларға сәйкес түрде болыўы керек. Текстке жүдә шубалаңқы болған сөзлер киргизилмеўи, бахалардың билим алыў мөлшерине, жасы ҳәм де жеке өзгешеликлерине сәйкес түрде болыўы керек. Баслаўыш класс ана тили муғаллими текстлерди таңлағанда балалар ушын қысқа гүрриңлер, ўақыялар, балаларға арналған баспасөз материаллары, «Қарлығаш» журналы, «Жеткиншек» газетасындағы «Болған ўақыя», «Қысқа гүрриң» сыяқлы текстлердеги, оқыў китабындағы материаллардан алған дурыс болады.

Диктант алдына қойған мақсетине қарай:

1. Үйретиў диктант жумысы.
2. Тексериў диктант жумысы болып бөлинеди.

Үйретиў диктантының алдына қойған мақсети – бул баслаўыш класс оқыўшысына қәтесиз, сулыў, анық етип, сөзлерди, гәпти дурыс жазыўды өз ишине алады.

Ал, тексериў диктантында – оқыўшының өзлестирген билимин жазба түрде қолланыўын анықлаў. Бул еки диктантта да оқыўшылардың билими анықланады, қәтелер үстинде жумыс алып барылады, орфографиялық жақтан жиберген қәтелери, пунктуациялық қәтелерде болса иркилис белгилерин текст қурамында өз орынлы орнында қойылыўы текстлерди ҳәм оқытыўшы тәрепинен баҳаланады.

Үйретиўши диктантлар өз ишинде үш топарға бөлинеди. 1. Ескертпе диктант: 2. Комментарий диктант: түсиндириў диктанты.

Ескертпе диктант үстинде жумыс алып барыў баслаўыш класс оқыўшыларында диктант жазыўға болған қызығыўшылықты, билим алыўға умтылысты пайда етеди. Себеби, бул диктант арқалы оқыўшылар үйреншикли, бир қәлиптеги сабақ системасынан пүткиллей өзгеше тәризде жумыс алып барады. Ескертпе диктантты алдына қойған мақсетине қарай еки топарға бөлинеди.

1. Көриў арқалы ескертпе диктанты
2. Еситиў арқалы ескертпе диктанты.

Көриў ескертпе диктантын өткериўде баслаўыш класс муғаллими класс тахтасына бир ямаса бир неше сөзлер жазады ямаса бир неше мәнили гәплерди де жазыўы мүмкин. Белгили минутларда бул сөзлер ямаса гәп муғаллим тәрепинен оқып бериледи, оқыўшылар менен бирге талқыланады. Соң тахтадағы сөзлердиң үсти оқыўшыларға көринбейтуғын етип жаўып қойылады. Оқыўшылар берилген ўақыт ишинде тахтадағы сөзлерди еслеп қалыўы керек. Оқыўшылар дәптерине көриў ескертпе диктанты ушын берилген текстти орфографиялық қәдеге әмел

қылған ҳалда дурыс жазыўы керек. Мысалы, 1-класс ана тили сабағында 19 параграфта «Заттың санын билдиретуғын сөзлер» темасын өткенде, усы теманы беккемлеў ушын «көриў ескертпе диктанты» ушын төмендеги мысалларды тахтаға жазыў мүмкин. «Бес қәлем. Алты дәптер. Төрт китап. Еки өширгиш. Бир класс. Он бес парта. Үш бөлме. Жигирма бес оқыўшы.»

Еситиў ескертпе диктантын өткериўде оқыўшылар орфографиялық ҳәм пунктуациялық қағыйдаларды аўызеки түрде қайталап ядқа түсиреди. Текстте таза сөзлер, олардың мәниси муғаллим тәрепинен түсиндириледи ҳәм муғаллим текстти даўыслап айтып турады. Оқыўшылар оны орынлайды. Мысалы, 1-класста «Заттың ҳәрекетин билдиретуғын сөзлер» темасын өткенде 13-шынығыўдағы төмендеги гүрриң тийкарында еситиў ескертпе диктантын орынлаў ҳәм жиберилген қәтелер санына қарай оқыўшылардың билимин анықлап баҳалаў мүмкин. «Ўатан қорғаўшылары елимизли душпанлардан қорғайды. Халқымыз ўатан қорғаўшыларын жақсы көреди. Себеби, олар халқымыздың бахытлы өмирин сақлайды. Бизиң мектебимизде ўатан қорғаўшылары туўралы газеталар шығарылады». Жуўмақлап айтқанда, диктант жумысы баслаўыш класс окыўшыларының билимин анықлаўда, баҳалаўда оғада қолайлы усыл.

**Әдебиятлар**

1. Қуттымуратова Ы. Қазақ тілінен диктанттар жинағы. Тошкент. Баёз. 2018.

2. Дүйсенбаева Ҳ, Сейтназаров Ж. Диктант ушын материаллар жыйнағы (Баслаўыш класс муғаллимлер ушын). Нөкис. 1963.